ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№185 (23.093) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 23, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж яп1э игъэщIапхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныкIэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж яп1э игъэщIапхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныкIэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж яп1э игъэщIапхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныкIэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №21-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъэут Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 11-м
№128-УГ

Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап. тетщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Атмурзаев М. М. - «Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iэхуащ1апIэм и режиссёр нэхъыщхьэр

Аттаев Ж. Ж. - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кIэзонэ Iэхуащ1апIэм и редактор нэхъыщхьэр

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж Граждан жылагъуэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ я IэнатIэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр, «Алан» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Советым и тхьэмадэр

Берд Хь. А. - жылагъуэ лэжьакIуэр

Бобылев В. Н. - Урыс Чыристан члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык щIыналъэ къудамэм и благочиннэр

Вэрокъуэ В. Хь. - ЩэнхабзэмкIэ Урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр

Джэданэ З. Ш. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iэхуащ1апIэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и факультетым спорт единоборствэхэмкIэ и кафедрэм и доцентыр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусlльмэнхэм я дин Iэхуащ1апIэм и тхьэмадэр

Жаным Р. М. - жылагъуэ лэжьакIуэр

Иуан П. М. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и президиумым и унафэщIыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къзазакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Мэзло Р. Б. - «ПсэупIэ-коммуналынэ хозяйствэм жылагъуэ кIэлъыплъныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр

Нэхущ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и I, II зэхуэсыгъуэхэм РеспубликэмкIэ и Советым и унафэщIыр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и IV зэхуэсыгъуэм и депутатыр

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр

Федченкэ Л. М. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуухьуреихь дунейм кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и «КъуршхэмкIэ геофизикэ институт» къэрал Iэхуащ1апIэм и программэхэм я унафэщIыр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр зхьумэныкIэ и министерствэм и «Алергологие дэIепыкIуныгъэ хэха къызэгъэпэщныныкIэ центр» къэрал бюджет Iэхуащ1апIэм и унафэщIыр

Шабаев Л. М. - Бгырыс журтхэм я Налшык къалэ дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

Шапкинэ Л. А. - жылагъуэ лэжьакIуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм мы Указым ипкъ иткIэ хагъэхьаным чэнджэщ ятын абы хэт адрейхэми ящIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэр зэтеуухуэным яужь ихьэну.

3. Мы Указым къару егъэут абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 18-м
№134-УГ

ПIалъэр бгъэIэпхъуэн нэхъ хэмылъэмэ

Хабзэ зэрыхъуащ, УФ-м гъэ еджэгъуэщIэм щыщIедзэж фокIадэм и 1-м. А пIалъэр ягъэIэпхъуэным иужьрей зэманым щIэхъщIэхьыуэ топсэлъыхь.

Псалъэм папщIэ, Урысейм и Президентым и дэIепыкъуэгъу Левитин Игорь иджыблагъэ жиIащ еджэн псоми зэуэ щIамыдзэжьным къэралым и дежкIэ сэбэпынагъ нэхъыбэ зэрыпльэр.

«Шыщхьэ1уи и 25-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 1 хъухукIэ зэрыкъэралу аэропортхэм тесщ. Испаниеми, Италиеми, Франджыми гъэ еджэгъуэщIэр я Iэху нэхъ къызэрикIым тещIыхьауэ щIадзэж - фокIадэм и 15 - 20-хэм хуэзэу. Ар туризмэм пыщIауэ зэрыщытри яб-зыщIыркъым», - жиIащ Левитиным.

А псори зэпилъытри, УФ-м и Президент Путин Владимир премьер-министр Медведев Дмитрийрэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ я пщэ ирилъхьащ а Iуэхум хэплъэу, щэкIуэгъуэм и 15-м и пэ къихуэу я жэрдэмхэр къыхалъхьэну.

Гъэ еджэгъуэр гъэIэпхъуэныр ягу щрихьакъым ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм. Аэрэгъуэгъэхъуэнщэнкъым: абыхэм къызэралъытэмкIэ, я IэнатIэм аракъым иджыпсту щынэхъыщхьэр. «АфIэкIа гуныкъуэгъуэ щымыIамэ, гъэ еджэгъуэщIэм щыщIэбдзэжыну нэхъыфI зэманми уегупсыс хьунут», - щыжаIащ Iуэхущ1апIэм.

Фадэм димыхьэхын щхьэкIэ

Илъэс 21-рэ иримыкъуам фадэхэкI иращэн хуэмейуэ къэзыгъэув законопроект Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Беляков Антон.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Къурмэн хьид махуэшхуэм и щIыхькIэ цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlльмэнхэм сохъуэхъу Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ.

Псэ беягъэр, гущIэгъур, гу къабзагъэр зи лъабжьэ а махуэшхуэм дыхуеущий гуапагъэм, цIыхур фIыуэ лъагъуным. Шэч кьытесхьэркъым исльамым а и псэкупсэ лъапIэныгъэхэр дин зэмылIэужьыгъуэхэр зэзыхьэхэр быдэу зэпыщIауэ щытиным, зэдзлэжьэным, лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ яку дэлъ дзыхьымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным дяпэкIи зэрыхуэлэжьэнум.

Мусlльмэн псоми я махуэ лъапIэ Къурмэн хьидым дэтхэнэ зыми мамырыгъэ кьытхудэкIуэну, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр, кьадекIуэкI хабзэхэр адэкIи къэгъэщIэрэщIэжьыным ар и дамыгъэ хьуну си гуапэщ.

Мусlльмэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сохъуэхъу уэзнышагъэ, насып, зэIуэпэщыгъэ яIэну.

Дербент къыщыщIэдзауэ Кремлым нэсыху

Дагъыстэн

Хлопонин Александр и псалъэ.

Дагъыстэн Республикэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Дербент къалэр Каспий тенджызым Iутщ. Абы и ныбжьыр зыхуэдизыр щызэхагъэкIым, щIэныгъэлIхэр куэдрэ чэнджэщащ.

УРЫСЕЙМ щIэныгъэхэмкIэ и академием Кавказым и археологиемкIэ и къудамэмрэ КъуэкIыпIэм щыIэ къэралхэр джэныкмкIэ институтымрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэ щхьэхуэхэм щIэсахэр зы Iэху еплъыкIэм хуэкIуэри, псоми зэдзаразыуэ къалъытащ Дербент къалэр къызэрыцунэхуэр илъэс минитI ирикъуу. ЩIэныгъэрылажьэхэр а бжьгъэм къытеувыIащ, археологхэм мы щыгъэм илъэс куэдкIэ щрагъэкIуэкIа щIыгI лэжьыгъэхэмрэ журналхэм, газетхэм къытредзауэ щыта тхыгъэхэмрэ хэпльэжа нэужь. ИтIанщ ди къэралыр и Президент Путин Владимир Дербент къалэр илъэс минитI зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуа унафэм Iэ щыщIидзар.

Дербент и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр

Къыззэрыунэхурэ, Дербент къалэр зэи ягъэтыншакъым. Щытх зэхуэмыдэу зэхэт Кавказ къуршыжьхэм Каспий тенджызым гъунэгъуб33у зыкъыщыхуаший щыIпIэм деж зэман жыжьэм щыпсэуахэм щаухуауэ щыта быдапIэр, «Куэбжэ зэхуэщIыпIэр», «Куэбжэ дэубыдапIэр» («Дербент» псалъэм араш кьикIыр) а лъэхъэнэм зи Iэмыщ1э изылъхьэхэм къалъытэрт Азиемрэ Европэмрэ зэпызыщ1э Iэгы кIуэкIыпIэм щытепщ1ау.

ЛIэщIыгъуэ курытхэм я лъэхъэнэм Дербент къалэр «Шыпэ гъуэгу иным» («Шелковый путь») мыхьэнэшхуэ щызыIэ и сату щIапIэхэм ящыщ зыуэ щытащ. Мыбдежым щызэрихьэлIэрт Мысырым, Сирием, Индием, Индыл Iус Булгарием, Хорезм хьанигъуэм, нэгъуэщI къэралхэми кьикI сатуущIхэр. Дербент и кхъух тедзапIэм кьесылIэрт Европэмрэ къуэкIыпIэ къэралхэмрэ я хьэпшыпхэр зэрыпль кхъуафэхэр.

Скифхэр, сарматхэр, хазархэр, гуннхэр, къэжэрхэр, хьэрыпхэр, тыркухэр, нэгъуэщI лъэпкъхэми я дзэхэр хущIэкъуащ мы «куэбжэм» и IункIыбзэIухэр зыIэрагъэхьэну. КIэ зимыIэу кьытеуэхэмрэ кьеБгъэрыкIуэхэмрэ кьалэдэсхэр ирахулIэрт щыпсэу щIыпIэм быдапIэ теплъэ етыным.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Дагъыстэн

Махуэми жэщми, дыгъэми мазэми дощIэращIэ адыгэр

ЩIэращIэм къыщынэр-тэкъым, мы махуэхэм абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхуэхаша Iуэхугъуэ гуапэхэр уи нэгу къыщы-щIэбгъэхьажкIэ. Лъэпкъыр бжьыфIэIэт, адэжь Хэкур пагэт.

Зангиевэ Мадинэ

Ясаев Магомед

ГУФIЭГъУэ зэхьыхьэм ящыщт Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхъэрэм щIэ къудамэм Налшык къалэ и Музыкэ театрым къыщызэригъэпэща «Дэ игъащIэми адыгэкIэ кьыдоджэ» пшыхьри.

Лъэпкъым и псэр и Хэкурщи, Адыгэхэм я дунейпсо махуэм егъэщIылIа пшыхьыр КIыщокъуэ Алим и «Зеич лантIэ» усэмкIэ къызэIуахащ.

... **Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,**
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку...

Апхуэдэ гурыщIэ кьабзэкIэ и лъахэм бгъэдэта усакIуэм и Iэдакъэщ1экIкIэ пшыхьыр къызэIуихащ Хьэщыкъуей Аллэ зи художественнэ унафэщI «Нарт шыр» гупым хэт къэфакIуэ щIыкIухэм.

Хамэ щIыпIэхэм адыгэхэр щикъуэьами, хэкурысхэмрэ хэхэс хуэахэмрэ зэпыщIащ уэрэдкIэ, къафэкIэ, макъамэкIэ. Уэрэдусхэм емызэшыжу сыт щыгъуи зэхалъхьащ я Хэкум и щхьэм кьрикIуам, лъэпкъым кьрапэсам ятеуухуа макъамэхэр, гъыбзэхэр. Пшыхьым кьызэхуишэсахэм Тыркум, Сирием, Иорданием кьикIа ди лъэпкъэгъухэр яхэтти, «Адэжь лъахэу Къэбэрдей» уэрэдыр екIуу абыхэм хуагъэзэщIащ «Парадайз» ансамблым хэт щIалэгъуалэм. Гупыр зыгъасэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артистэ, дунейпсо зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лауреат Даур Иринэщ.

СыткIэ иджыри щIащ-гъэт зи чэзу пшыхьыр, жыпIэмэ - адыгэ лъэпкъым и махуэшхуэмкIэ къьехъуэхъу-ну гъунэгъу щIыналъэхэм кьикIат я уэрэджьIакIуэ пажэхэр, къэфакIуэ гупхэр, пшынауэхэр. Къэрэшей-Шэрджэсым я лIыкIуэт пшынауэ Хьэту ФатIимэрэ уэрэджьIакIуэ Хьэнфэн Еленэрэ. Абыхэм «Налмэс» уэрэдыр ягъэзэщIащ. Шэшэн Республикэм и цIыхубэ артист Ясаев Магомед, Осетие Ипщэм щIыхь зиIэ и артисткэ Зангиевэ Мадинэ сыми пшыхьыр ягъэдэхащ.

Уэрэдым кьафэр кьыдэкIуэрт - «Синдика» ансамблым (Нарткъалэ дэт лицей №1-м щылажьэр) лъэпкъым и тхьдэ IыхьэфI кьэзыгъэлъагъуэ убых кьафэр утыку кьрихьащ, Хьэхъупащ1э Заур игъасэ «Дыгъэ шырми» лъапэрисэ ищIащ.

Ташло Алий, Аслъэн Iэсият, Мамбэт Мадинэ, ДыщэкI Артур, Тхьэзэплъ Залинэ сыми я цIэр зэхамыхауэ щыткъым цIыхухэм. Ахэр адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ уэрэджьIакIуэхэщ, лъэпкъым и махуэр зэраIэтам хуэдэу, езыхэми я пщIэр лъагэ хъуну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Фыдогъэблагъэ! • Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубок. Финалым и 1/16-нэ Iыхьэ «Спартак-Налшык» - «Амкар» (Пермь) Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 24. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ корупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Пшыхьхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ и деж яп1э игъэщIапхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныкIэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж яп1э игъэщIапхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныкIэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №21-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъэут Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 11-м
№128-УГ

Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап. тетщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн мы къыкIэльыкIуэхэр:

Атмурзаев М. М. - «Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iэхуащ1апIэм и режиссёр нэхъыщхьэр

Аттаев Ж. Ж. - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал кIэзонэ Iэхуащ1апIэм и редактор нэхъыщхьэр

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж Граждан жылагъуэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ я IэнатIэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр, «Алан» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Советым и тхьэмадэр

Берд Хь. А. - жылагъуэ лэжьакIуэр

Бобылев В. Н. - Урыс Чыристан члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык щIыналъэ къудамэм и благочиннэр

Вэрокъуэ В. Хь. - ЩэнхабзэмкIэ Урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр

Джэданэ З. Ш. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iэхуащ1апIэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и факультетым спорт единоборствэхэмкIэ и кафедрэм и доцентыр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусlльмэнхэм я дин Iэхуащ1апIэм и тхьэмадэр

Жаным Р. М. - жылагъуэ лэжьакIуэр

Иуан П. М. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и президиумым и унафэщIыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къзазакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Мэзло Р. Б. - «ПсэупIэ-коммуналынэ хозяйствэм жылагъуэ кIэлъыплъныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр

Нэхущ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и I, II зэхуэсыгъуэхэм РеспубликэмкIэ и Советым и унафэщIыр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и IV зэхуэсыгъуэм и депутатыр

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр

Федченкэ Л. М. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуухьуреихь дунейм кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и «КъуршхэмкIэ геофизикэ институт» къэрал Iэхуащ1апIэм и программэхэм я унафэщIыр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр зхьумэныкIэ и министерствэм и «Алергологие дэIепыкIуныгъэ хэха къызэгъэпэщныныкIэ центр» къэрал бюджет Iэхуащ1апIэм и унафэщIыр

Шабаев Л. М. - Бгырыс журтхэм я Налшык къалэ дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

Шапкинэ Л. А. - жылагъуэ лэжьакIуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм мы Указым ипкъ иткIэ хагъэхьаным чэнджэщ ятын абы хэт адрейхэми ящIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэр зэтеуухуэным яужь ихьэну.

3. Мы Указым къару егъэут абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 18-м
№134-УГ

ПIалъэр бгъэIэпхъуэн нэхъ хэмылъэмэ

Хабзэ зэрыхъуащ, УФ-м гъэ еджэгъуэщIэм щыщIедзэж фокIадэм и 1-м. А пIалъэр ягъэIэпхъуэным иужьрей зэманым щIэхъщIэхьыуэ топсэлъыхь.

Псалъэм папщIэ, Урысейм и Президентым и дэIепыкъуэгъу Левитин Игорь иджыблагъэ жиIащ еджэн псоми зэуэ щIамыдзэжьным къэралым и дежкIэ сэбэпынагъ нэхъыбэ зэрыпльэр.

«Шыщхьэ1уи и 25-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 1 хъухукIэ зэрыкъэралу аэропортхэм тесщ. Испаниеми, Италиеми, Франджыми гъэ еджэгъуэщIэр я Iэху нэхъ къызэрикIым тещIыхьауэ щIадзэж - фокIадэм и 15 - 20-хэм хуэзэу. Ар туризмэм пыщIауэ зэрыщытри яб-зыщIыркъым», - жиIащ Левитиным.

А псори зэпилъытри, УФ-м и Президент Путин Владимир премьер-министр Медведев Дмитрийрэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ я пщэ ирилъхьащ а Iуэхум хэплъэу, щэкIуэгъуэм и 15-м и пэ къихуэу я жэрдэмхэр къыхалъхьэну.

Гъэ еджэгъуэр гъэIэпхъуэныр ягу щрихьакъым ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм. Аэрэгъуэгъэхъуэнщэнкъым: абыхэм къызэралъытэмкIэ, я IэнатIэм аракъым иджыпсту щынэхъыщхьэр. «АфIэкIа гуныкъуэгъуэ щымыIамэ, гъэ еджэгъуэщIэм щыщIэбдзэжыну нэхъыфI зэманми уегупсыс хьунут», - щыжаIащ Iуэхущ1апIэм.

Фадэм димыхьэхын щхьэкIэ

Илъэс 21-рэ иримыкъуам фадэхэкI иращэн хуэмейуэ къэзыгъэув законопроект Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Беляков Антон.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Къурмэн хьид махуэшхуэм и щIыхькIэ цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlльмэнхэм сохъуэхъу Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ.

Псэ беягъэр, гущIэгъур, гу къабзагъэр зи лъабжьэ а махуэшхуэм дыхуеущий гуапагъэм, цIыхур фIыуэ лъагъуным. Шэч кьытесхьэркъым исльамым а и псэкупсэ лъапIэныгъэхэр дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэр быдэу зэпыщIауэ щытиным, зэдзлэжьэным, лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ яку дэлъ дзыхьымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным дяпэкIи зэрыхуэлэжьэнум.

Мусlльмэн псоми я махуэ лъапIэ Къурмэн хьидым дэтхэнэ зыми мамырыгъэ кьытхудэкIуэну, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр, кьадекIуэкI хабзэхэр адэкIи къэгъэщIэрэщIэжьыным ар и дамыгъэ хьуну си гуапэщ.

Мусlльмэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сохъуэхъу уэзнышагъэ, насып, зэIуэпэщыгъэ яIэну.

Дербент къыщыщIэдзауэ Кремлым нэсыху

Дагъыстэн

Хлопонин Александр и псалъэ.

Дагъыстэн Республикэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Дербент къалэр Каспий тенджызым Iутщ. Абы и ныбжьыр зыхуэдизыр щызэхагъэкIым, щIэныгъэлIхэр куэдрэ чэнджэщащ.

УРЫСЕЙМ щIэныгъэхэмкIэ и академием Кавказым и археологиемкIэ и къудамэмрэ КъуэкIыпIэм щыIэ къэралхэр джэныкмкIэ институтымрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэ щхьэхуэхэм щIэсахэр зы Iэху еплъыкIэм хуэкIуэри, псоми зэдзаразыуэ къалъытащ Дербент къалэр къызэрыцунэхуэр илъэс минитI ирикъуу. ЩIэныгъэрылажьэхэр а бжьгъэм къытеувыIащ, археологхэм мы щыгъэм илъэс куэдкIэ щрагъэкIуэкIа щIыгI лэжьыгъэхэмрэ журналхэм, газетхэм къытредзауэ щыта тхыгъэхэмрэ хэпльэжа нэужь. ИтIанщ ди къэралыр и Президент Путин Владимир Дербент къалэр илъэс минитI зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуа унафэм Iэ щыщIидзар.

Дербент и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр

Къыззэрыунэхурэ, Дербент къалэр зэи ягъэтыншакъым. Щытх зэхуэмыдэу зэхэт Кавказ къуршыжьхэм Каспий тенджызым гъунэгъуб33у зыкъыщыхуаший щыIпIэм деж зэман жыжьэм щыпсэуахэм щаухуауэ щыта быдапIэр, «Куэбжэ зэхуэщIыпIэр», «Куэбжэ дэубыдапIэр» («Дербент» псалъэм араш кьикIыр) а лъэхъэнэм зи Iэмыщ1э изылъхьэхэм къалъытэрт Азиемрэ Европэмрэ зэпызыщ1э Iэгы кIуэкIыпIэм щытепщ1ау.

ЛIэщIыгъуэ курытхэм я лъэхъэнэм Дербент къалэр «Шыпэ гъуэгу иным» («Шелковый путь») мыхьэнэшхуэ щызыIэ и сату щIапIэхэм ящыщ зыуэ щытащ. Мыбдежым щызэрихьэлIэрт Мысырым, Сирием, Индием, Индыл Iус Булгарием, Хорезм хьанигъуэм, нэгъуэщI къэралхэми кьикI сатуущIхэр. Дербент и кхъух тедзапIэм кьесылIэрт Европэмрэ къуэкIыпIэ къэралхэмрэ я хьэпшыпхэр зэрыль кхъуафэхэр.

Скифхэр, сарматхэр, хазархэр, гуннхэр, къэжэрхэр, хьэрыпхэр, тыркухэр, нэгъуэщI лъэпкъхэми я дзэхэр хущIэкъуащ мы «куэбжэм» и IункIыбзэIухэр зыIэрагъэхьэну. КIэ зимыIэу кьытеуэхэмрэ кьеБгъэрыкIуэхэмрэ кьалэдэсхэр ирахулIэрт щыпсэу щIыпIэм быдапIэ теплъэ етыным.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадэм и 11-м къыдигъэкIа Указ №128-УГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж апэ игъэщыпхъэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым

ХЭТХЭР

КIуэкIуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и унафэщIщ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(Советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалыгъэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет аджапIэ Iэхъущ1аIпIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ реформэхэмкIэ и департаментым и унафэщIыр *(Советым и секретарщ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и апэ къуэдзэр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ и министрыр

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIыуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкlэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъур

Кирин В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал кIэлъплъыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкIэ и министрыр

НэкIацэ А. М. - «Урысеймэкъумэщ1анк» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналь-нэ хозяйствэмрэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм IэнатIэ егъэгъуэтыныкIэ, социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министрыр

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и Ахъшэ хъумапIэ банк» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъур

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэшнашагъэр хъумэныкIэ и министрыр

Ди республикэм хьыхь щIыналъэ псоми Iэтауэ щагъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэр. И ныбжькIэ «щIалэми» (къызэрежьэрэ илъэс етIуанэ хъууэ аращ), а махуэшхуэр жылагъуэм цIэрыIуэ щыхъуащ. Абы и щыхьэтщ ар гъэлъапIэным, Iэтыным епха дауэдапщэхэр Iэхъущ1аIпIэхэм, жылэхэм я нэхъыбапIэм зэрыщкIуэкIыр, адыгэхэм я мызакъуэу, ди щIыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэри абыхъэм жыджэру зэрыхэтыр.

ЛЪЭПКЪЫР зэкъуэзыгъэувэ, ди хабзэхэмрэ щIнхабзэмрэ къыдзэзыгъэIэтыж махуэшхуэр щагъэлъапIэщ Аруан районми. ЩIыналъэм хьыхь жылэхэм дэт курыт школхэм, библиотекэхэм, ЩэнхабзэмкIэ унэхэм къыщызэрагъэпэщащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм теухуа гуфIэгъуэ концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр.

Махуэшхуэм епха гуфIэгъуэ зэхьихь з инхэм ящыщщ Аруан къуажэм фокIадэм и 20-м щекIуэкIа дауэдапщэр. Ар къыщызэрагъэпэщащ «Нур-ет» щэнхабзэ центрым. Абы и щIыхьэпIэ хуитым деж а махуэм къыщызэIуахащ гъэлъэгъуныгъэ купщIафIэ. Абы щыпIлъагъунут лъэпкъ фащэхэр, хьэпшыпхэр. Лъэпкъ шхыныгъуэ зэмыл1эужьыгъуэхэр ягъэхьэзырат «Синд», «Ют», «Къардэн», «Аруан» шхапIэхэм я пщафIэ IэкIуэлъакIуэхэм. Районым и унафэщIэхэр, жылэхэм я лIыкIуэхэр, щIыпIэм и нэхъыжьыфIхэр къызэрихьэлIа гуфIэгъуэр къызэIуахащ уафэгъум щекIуэкIа тепльэгъуэ хьэлэмэткIэ. «Сигма-4» къухьлъатэ щыкIым къызэхуэсахэм кьариахащ уэгу фIэхьус сэлам гуапэ. Зыхьблрэ щIыпIэр кьилъэтыхьа нэужь, ар гъунэгъуу къэтIысащ икIи иса къхъулъатэзехуэ цIэрыIуэ, къулыкъум кьыхэкIыжа подполковник Лукьяненкэ Юрэ Iэгуаузкl Iэхэщ1эхэм къахьихьащ.

Аруан районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и совет тым и тхьэмадэ КIущ Валерэ къызэIуихащ гуфIэгъуэ зэIущIэр. Ар махуэшхуэмкIэ гуапэу екъуэзыхуащ щIыпIэм щыпсэу псоми.

- Дуней псом щыщIэрыIуэ адыгэ хабзэр ди лъэпкъым къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэ инэм ящыщщ. Дэ тщыщ дэтхэнэми ди къалэнщ а лъапIэныгъэр тхъумэну, къытщIэхъуэщIэблэм щIэину кьахуэдгъэнэну, - кьахуихуэщащ КIущым. - Кавказым щыпсэухэм ди хьэлщ дэтхэнэ ди Iэхуэхэри зэдэтIыгъэщ. Нобэ дэ къыддогуфIэ ди щIыпIэм ис дэтхэнэри, зыщыщ лъэпкъым емыльытауэ. Апхуэдэ зэрыIыгъныгъэрщ, зэрыльытныгъэрщ ди республикэм и быдагъым и лъабжьэ хъур.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Аруан къажэ администрацэм и Iэтащхьэ Бэждыгъу Аскэр, балъкъэр лъэпкъым и лIыкIуэ Кучмезов Мухьэрбэч.

Адэкlэ псори яфIэхьэлэмэту кIэлъплъащ къхъуейплъыжькIэрыщIэ лъэпкъ дауэдапщэр зэрекIуэкIым. Абы хэта щIалэхэр зэпеуащ джэгукIэм и саугъэтэху DVD-плеерыр, етур, жып телефоныр, Iэпщэ сыхьэтыр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри кIапсащхьэм къыфIэхьынымкIэ. КъуэйплъыжькIэрыщIэм и саугъэт нэхъыщхьэр - мэлыр - (ар, дауи, кIапсэм фIэльаэкъым) зыIэригъэхьэфащ арандзэс ныбжьыщIэм.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм ирихьэлIэу Аруан къыщызIуахащ жылэдэсхэр хуабжу зышыгуфIыкIа спорт залышхуэ. Абы ныбжьыщIэхэр щыхуагъэсэнущ бэнэкIэ хуит, бокс, гимнастикэ спорт лIэужьыгъуэхэм. Iэхуу щхьэпэм иращIэкIа гуфIэгъуэм хэтащ СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, СССР-м тIэунейрэ и чемпион Жаным Аслъэн, самбэмкIэ дунейпсо кубокыр къэзыхьа, спортымкIэ дунейпсо классым и мастер Мэзыхьэ Амырхъан, КъБР-м атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэм и тренер нэхъыжь Къардэн Анзор, Европэм щэнейрэ и чемпион, бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпионатым жэз медалыр кIыщIэзыхьа Джаду Iэниуар, Европэм дзюдомкIэ и чемпион Мудрэн Беслъэн, самбэмкIэ дунейпсо чемпион Мудрэн Аслъэн сымэ, нэгъуэщI спортсмен цIэрыIуэхэри.

Лъэпкъ махуэшхуэр гъэлъэпIэным епха нэгъуэщI зэхьихьэхэри щекIуэкIащ Аруан щIыналъэм. Абы и кIэухыу Нарткъалэ Щэнхабзэмкl и унэм и гупэм дэж фокIадэм и 20-м концертышхуэ щекIуэкIащ. ЩIыпIэм щыщ артист цIэрыIуэхэм, ныбжьыщIэ творческэ гупхэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуа а пшыхьым кьалэдэсхэм я мызакъуэу, къыщохьэлIат гъунэгъу жыпхэм щыпсэухэри. Концертым и кIэухыу хьэрэкIыпIэ зэмыфэгъухэр уафэм драгъэлъэтеящ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Аруан щIыналъэ

Псоми зэдагъэлъапIэ

● Шэрэдж щIыналъэ

Къуэжьыкъуей Ипщэм гуфIэгъуэр щаIэт

Кавказ Ищхъэрэм щыIэ адыгэ жылагъуэхэм ящыщу ипщэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ пIыIкIуэтыкIа дыдэу щысыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэрэдж щIыналъэм хиубыдэ Жэмтхьэлэ къуажэращ. Абы къыдэкIуэуи, ар къурш лъабжьэхэм гъунэгъуэзу кIэщIыхьэ мэзылъэ Iуащхьэхэм я куэщIым исщ. Апхуэдэ щIыпIэм щыпсэууэ ижькIэрэ къэгъуэгурыкIуэ жылэжьыр ди адыгэ лъэпкъым и тхьидэм пщIэ нэхъ щыхуащ къуажэхэм зэращыщым щэч кьытетхъэркъым. Ар аргуэру ди нэгу щIэзыгъэкIа Iэхуэгъуэзу щытащ а жылэм дэт Щэнхабзэмкl Iэ унэм и гупэм Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм теухуауэ къыщыщэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьихьэр.

КЪУАЖЭКЪУМ дынэсауэ уардэнэм гъунэгъу дыщыхуэхъуэм, дэ зэуэ ди тхьэкIумэ кьиIуар Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубз артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ къыщащIыхуэ уэрэджыIакIуэ Шумахуэ Хьэзрэ1ил и макъ телъыджэрщ. Адыгэхэм я тхьидэм теухуауэ абы игъэзащIэ уэрэдыжьым кIуэрыкIуэм тету дыдежьуужьрэ, махуэшхуэ теплъэ иIэу гъэщIэрэщIа пщIантIэм дыдыхьащ.

Унэм и гупэм кьит макъамэгъэIу Iэмэпсымэхэм увыIэгъуэ имыIэу гум ехуэбыIлэ уэрэдхэмрэ лъэпкъ макъамэ гуакIуэхэмрэ кьиIукIырт, гуфIэгъуэ пэкIум кьекIуэлIэ цIыхухэм я гукъыдэжым нэхъри зыкъгъэзIэту.

Зэпеуат дэкIри, нэжагъагъэр зи нэгум кьиц, шар зэмыфэгъухэр зи Iэпэгъу пщащэ цIыкIуэхэр махуэшхуэм хуагъэхъэзыра шыгу зыкъиэзыхьам ирагъэтIысхьащ. Абыхэм япэ адыгэ фащэ екIуэкIэ зэщыхуэпыкIа шууищыр ирагъэувэжри, апхуэдэ щIыкIэм тету зэхаща гуп цIыкIум ятпэщIыкIэ къуажэкIэмкIэ ирырагъэунэтIыхащ. «Иджы дынэсакъэ!» щыжаIэм, гъэгуанэ техьаехм кьагъэкIэрэкъужри, къэздикIамкIэ кьагъэзэжащ. Къуажэдэсхэм ягъэщIагъуэу, уэрамыщхьэм и кIыхьагъкIэ ирикIуэхэри, кьэзыдыщежьа утымкIэ кьеблэгъэжащ.

Шуущым я нэхъыжьыр къуажэм фIыуэ къыщащIыху, уэрэдыжьхэр гъэзэщIэныжьмкIэ республикэм щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм ятпэ увыIпIэхэр мызэ-мытIэу къыщызыхьа Гъубжокъуэ Алихьант. ГуфIэгъуэ пэкIур къызэIузыхахэм яхэтти, махъсымэжьжьр щыIэщIалъхьэм, нэхъыжьыфIыр адыгэ пIэлъпкъыр жылэ махуэ, хэкужь махуэ хъуну хъуэхъуащ.

Абы иужькIэ псалъэ иратащ Жэмтхьэлэ къуажэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Къэгъэзэж СультIан.

- Дыхуейщ адрей лъэпкъэм ещхьу дэри зыдужьыну, къызыхэкIам иригушхуэу, къэкIуэну гъащIэм щыгуфIыкIыу ди щIалэгъуалэр зэхэтыну, - жиIащ абы. - Дэ къытхуихуащ ди лъэпкъым и нэхъыфIыпIэр утыку кьащIихьэ, лъэныкъуэ куэдкIэ зыIэрыдгъэхьа екъуIэныгъэхэр кьыщыгтпщытэж, адыгэм и хабзэ дахэр щыдгъэлъагъуэ, щIэблэ узынщэм дащыхэплъэ махуэр тлъагъуну... ТхуэфIын Тхъэм ищI!

Махуэшхуэм и мыхьэнэр псэкIэ зыхэзыщIу, ар гъэлъэпIэным жыджэру зи гуащIэ хэзыльхьахэм ящыщщ Жэмтхьэлэ къуажэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спортшколым и гъэсакIуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ. Абыхэм лъэпкъ бэнэкIэмкIэ кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэр удэзыхьэхт икIи уи нэжэгужагъэм нэхъри зыкъеэзыгъэIэтт. Зэпеуэр зэрекIуэкIым кIэлъплъащ еджапIэм и тренер нэхъыщхьэ, спортымкIэ мастер, республикэм фIыуэ къыщащIыху, а къуажэм щыщ Гъуэплъащ Замир, абы и дэIэпыкъуэгъуэ лажьэ, тренер нэхъыщIэхэу Къудей Заур, Гъуэплъащ Арсен сымэ.

Къызэхуэсахэм я нэжэгужагъэм псом хэмыдэжу зыкъеэзыгъэIэтари гу ялъытпэу къэзыгъэгумэщIари Щэнхабзэмкl Iэ унэм и директор Уэрэзей Хьэлимэт, хормейстер Къэгъэзэж Залинэ, Iэхъущ1аIпIэм и художественнэ унафэщI Бозий Лерэ сымэ къызэрагъэпэща концерт тепльэгъуэхэрэт. Абыхэм цIыкIуэхэм щыжаIа усэхэмрэ щагъэзэщIа къафэхэмрэ апхуэдизкIэ удэзыхьэхт икIи щIэщыгъэти, аращ зигу иримыхьа, зи псэм дамыхьа а махуэм пэкIум кьекIуэлIахэм яхэтауэ кьыщIэкIынкъым.

Тхыгъри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

«Адыгэхэр я лъахэм щопсэуж!»

● Налшык

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ зэIущIэ дахэ фокIадэм и 18-м щекIуэкIащ. ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэнэм. Ди адыгэ лъэпкъым зэрахьэу щыта, иджыпсту нэхъ мащIэу зыхуеплъэкI хъуа хабзэжьхэм я мыхьэнэр, адыгэ уэрэдыжьхэм я гупсысэр, я дахагъэр, абыхэм ди гъащIэм щаубыд увыпIэр щIэблэм и пащхьэ илъхьэжьым хуэгъэпсат а Iуэхугъуэр.

ЗЭХУЭСЫМ кьрагъэблэгъат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминат, ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэнэм и унафэщIым методикэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Пщыкl Анютэ, сабий зэчиифIэхэм щадэлажьэ къудамэм и унафэщI Хъыдзэ Валентинэ, программэм и лейуэ сабийхэм ядэлажьэ къудамэм и егъэджакIуэ ПащIэ Мадинэ сымэ. Зэпеуэм хэтащ Бахъсэн дэт 4-нэ школым и «ДжэгуакIуэ» гупыр, ХьэтIохъущкIуей, Кьыщпэк дэт курыт еджапIэхэм я сабийхэр, Нарткъалэ дэт 6-нэ школым и «Налкъут» гупыр, «Кавказым и пшэнпльэр» кьэфакIуэ гупыр, нэгъуэщIхэри.

НыбжьыщIэхэр япэщIыкIэ зэпеуащ адыгэ уэрэдыжьхэр жыIэнымкIэ. ИтIанэ утыку кьрахьащ адыгэ хабзэм щыщ Iэхэугъуэхэр: нэхъыжьым, щIыхубзым, сабийм пщIэ яхуэщIынкр, хьэщIэм кIэлъплъэзрахьэ хабзэхэр, адыгэ сэлам хыкIэр, кьеГъэблэгъэкIэр, егъэжьэжькIэр, дунейм кьытехьа сабийм кIэлъплъэзрахьэ хабзэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм кьыщынэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэм ди нэгу кьыщIагъэхьэжащ адыгэ джэгукIэу щыIахэр, шхынныгъэхэр, адыгэ кьафэм и хабзэхэр. Апхуэдизкlэ дахэу, псэр дихьэныу, гъэщIэгъэную ди лъэпкъым и блэкIар утыкум кьрахьат цIыкIуэхэми, уахэдзу нэхъыфIыр кьахэпхыну, дауи, гугъут. Зэпеуэ щыхьукIэ, зыгуэр кьыхэгъэжакIыкIын хуейти, кIэлъплъпIакIуэ гупым хэтхэм уэрэдыжьхэр жыIэнымкIэ япэ увыпIэр хуагъэфащащ Борэн Дианэ (Кьыщпэк курыт еджапIэ), етIуанэ увыпIэр - Къэрэ Албэч (Бахъсэн, 4-нэ школ), ещанэ увыпIэр - Бышцэк Чанщобий (ХьэтIохъуащ-къуей курыт еджапIэ).

Адыгэ хабзэжьхэм щыщхэр утыкум щыгъэлъэгъуэнымкIэ ятпэ увыпIэр зэдагъэщащ «Налкъут» гуп цIыкIумрэ (Нарткъалэ, 6-нэ школ) «Джэгуакlуэ» гупымрэ (Бахъсэн, 4-нэ школ). «Кавказым и пшэнпльэр» кьэфакIуэ гупым ЩIыхь тхылъ ираташ.

ТекIуахэр ягъэльэпIа иужькIэ, цIыкIуэхэм захуигъэзащ Щоджэн Iэминат. Абы жиIам къызэрыхэщащи, адыгагъэр, адыгэбзэр, адыгэпсэр фIыуэ лъагъуныр щыщкlэжьр унагъуэм и закъуэкъым, атIэ ар куэдкIэ елъытащ школым щыIэ егъэджакIуэмэ, абы и Iэщ1агъэм хуиIэ лъагъуныгъэмэ. Абы фIыщIэ яхуищIащ зэпеуэр гъэжьэзырымкIэ, абы хэта гупхэр зыхуей хэзгъэзэнымкIэ гугъу зезыгъэхьа дэтхэнэми, Адыгэхэм я махуэшхуэр илъэс куэдкIэ апхуэдэу дахэу ягъэлъапIэу лэжьэнуи екъуэхъуащ.

Адэкlэ къекIуэлIахэм захуигъэзащ Пщыкl Анютэ. Абы и гуапэ хъуащ ди бзэр, хабзэр фIыуэ зыIъагъу апхуэдэ щIэблэ дызэриIэр икIи цIыкIуэм екъуэхъуащ адэкIи я Iэхъу фIы хъуну, ди лъэпкъым хуэфащэу псэуну.

ЗэIущIэр пасэрей джэгу дахэкIэ яухащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм 2015 гъэм фокIадэм и 23-м къыщыщIэдзауэ 30-м нэсыху цIыхухэр зэрырагъэблэгъэну щыIкIэр

Махуэхэр	Сыхьэтыр	Езыгъэблэгъэнухэр	Телефонхэр
ФокIадэм и 23-м	10.00-13.00	Аттаев Жэмал Жабир и къуэм	77-27-46
	14.00-17.00	Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэм	77-28-44
ФокIадэм и 24-м	10.00-13.00	Болэт Арсен Хьэбыж и къуэм	77-27-46
	14.00-17.00	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэм	77-27-46
ФокIадэм и 25-м	11.00-13.00	Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэм	77-27-46
	14.00-17.00	КъуэIуIэфэ Хьэчим Хьэбас и къуэм	77-27-46
ФокIадэм и 29-м	10.00-13.00	Котляровэ Марие Абрам и пхъум	77-27-46
	14.00-17.00	Кульбаев СулътIан Мухьэжыр и къуэм	77-27-46
ФокIадэм и 30-м	10.00-13.00	Маслов Николай Александр и къуэм	77-28-44
	14.00-17.00	Этчеев Музэфар Шарабудин и къуэм	77-27-46

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хь. А.** цIыхухэр я щхьэ IэужьIэгъэ бэрэжьей къэс ирегъэблагъэ сыхьэти 10.00-м къыщыщIэдзауэ 13.00-м нэсыху (нэхъ пасэу зебгъэтх хъунущ 77-69-93 телефонымкIэ).

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэхэм цIыхухэр ирагъэблагъэ:

Федченкэ Л. М. - гъубж къэс сыхьэт 14.00-м къыщыщIэдзауэ 16.00-м нэсыху (тел.: 72-07-80);

Аттаев Ж. Ж. - махуэку къэс сыхьэт 14.00-м къыщыщIэдзауэ 16.00-м нэсыху (тел.: 42-05-20).

Зи гуащIэдэкIыр ин дыдэ Къардэнгъущ I Зырамыку

Лъытэгъуейщ Къардэнгъущ I Зырамыку и гуащIэдэкIыр - ар апхуэдизкIэ инщ, зэмылIэужьыгъуэщи. Абы и кьалэмыпIэм къыщIэкIауэ дунейм къытехьащ пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэмрэ IуэрыIуатэмрэщыIэзэхуэхьэса тхылъ куп-щIафIэ куэд.

КЪАРУ ин дыдэ ирихьэлIащ Зырамыку пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыным - ахэр ди деж къэсамэ, псом япэраеу, зи ди IыщIэр аращ. Къардэнгъущ Iыр мыхъуамэ, нобэрей щIэблэр щыгъуэзэнутэкъым ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкым къыдагъуэгурыкIуа пасэрей уэрэдыжьхэм, абыхэм я макъамэхэри цIыхухэм ящыгъупщэжагъэнт. Дунейм тетыху Зырамыку зыхущIэкъуари зыхуэпэжьари адыгэ IуэрыIуатэмифIыпIэр хэIущIыныр. Ар абы къехъулIащ - нобэрей щIэблэм яхуихъумащ ди IуэрыIуатэмиитхуэгъэIуэгъэ. Арк ъуедийри пхуирикъунущ Зырамыку и гуащIэдэкIыр зэрыцин дыдэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Куэдым къыззранэкIыбрыкъым апхуэдэ щIэин, ар зыхуэфIэкIыр ди IуэрыIуатэмкIуущ щыгъуаз, Iэхэр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэ лэжьакIуэ Iуматхуэрщ.

Адыгэ IуэрыIуатэР, псалъэм папщIэ, уэрэдыжьхэмрэ псалъэжьхэмрэ, зэхуэхьэсыным и закъуэкъым Зырамыку зи яужь итар: зи гупсысэр жан, зи гур мызагъэ щIэныгъэлI щIэрыIуэ ар - абы и кьалэмыпIэм къыщIэкIащ ди IуэрыIуатэмиитхуэмрэкIэ и къудамэм 1947 гъэм щIэтIысхьэн и пэ, ар зауэм пхыкIын хуей хъущ. Абы и лIыхъужьыгъэм Хэку зауэ орденым и II нагъыщэмрэ «Щ1ыхым и дамыгъэ» орденымрэ къыпхIуащ.

КъэБЭрдей, Урыс къэрал театрхэм Ерчэн Леонид драмэ, музыкэ спектаклу 100-м щIигъу щигъэзащ. Псом хуэмыдэу режиссёрым екъуIэнэIэгъэшхуэ къыхуихьат Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэмкIэ игъэува лэжьыгъэм. ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу 1957 гъэм Москва щекIуэкIам а драмэр щагъэльэгъуа нэужь, лIыщхьэ куэд абы къыщыгъуаз щытащ. И мыхьэнэкIэ нэхъ мащIэтэкъым Ерчэным Налшык щигъэува «Мадинэ» яп лъпкъ оперэри (Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатхам).

«РСФСР-м IуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр абы 1961 гъэм къыфIащащ, 1981 гъэм - РСФСР-м и цIыхубэ артист хъуащ.

Ерчэныр зыхуэдар нэхъыфIу зыщIэр абы дэлэжьхьаэрщ. Абыхэм ящыщ зыбжанэм Леонид хуэмыдэ хъуа щыгъуаз ящыщ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ, *УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я ар-тистку, КъБР-м и цIыхубэ артистку:* - Куэдрэ фIыкIэ дигу къэкIыжырэ дытопсэлъыхь Ерчэн Леонид гъунэгъуу бгъэдэтахэр. Абы и спектаклхэр цIыхухэм я гум дыхьэрт, и зы лэжьыгъэ ялъэгъуамэ, ящымыгъупщэу куэдрэ ягу къагъэкIыжырт. Леонид спектакль щигъэувкIэ артистым и гупсысэри къыпхIутэрт. Абы къикIырт дэтхэнэми дзыхь зэрыхьущIыр.

Зэпымыуэ гу лъыстэрт: режиссёрыр зытетхьих тхылъымпIэ напэхэр зэрыщыту скрипичнэ ключкIэ гъэнщIат, спектаклым макъамэ къыщIыун хуей щIыпIэхэр абыкIэ къыхэгъэщауэ. Ленинград консерваторэр Ерчэным къыззэриухар зэрымыгъэгъуащэр абы кьыбжиIэрт (ар уэрэдым тегъэщIа режиссёрт). И Iэщагъэр хуабжьу фIыуэ ильагъурт, ялэ иригъэщын щымыIэу хуэпэжьт.

Сигу кьинэжащ абы утыку кърызигъэхьа Снижко Нилэ (Салынскэм итха «Ажалым къыдэфа хъыджэбз» спектаклым), Ларисэ (осетин драматург Гоглоевым «Зи лIыгъэм уэрэд хуэфащэ» и Iэдакъэщ1экIым), Нази (Байджиевым и «ЩIакIуэ кIапэ» лэжьыгъэм) сымэ я ролхэр, нэгъуэщIхэри.

Щ1эрмэт Людмилэ, *КъБР-м и цIыхубэ артистка:* - Ерчэным Къэбэрдей театрым къигъэзэжа нэужь, спектакль тельыджэхэр къыздыдгъэуващ. Апхуэдизкэ псо ролы хьарзынэхэр режиссёрым къыщыхсychигъэфэща «ЩIхьэгъусэ гъэсэкIэ», «Сэлэтхэр», «Свободная тема» лэжьыгъэхэри, нэгъуэщIхэри.

Ерчэныр езыр цIыху щыпкъэт, игъащIэкIи уи жагъуэ кьимыщIыну Iэдэбт. А псом абы и режиссёр Iэзагъыр хэплъхьажмэ, узэхъуэпсэн цIыху хуэдэт. Я унагъуэ уихьами, абы хьэщIэм щыхуащI пщIэм гъуни нэзи иIэтэкъым, нэхъыфI дыдэу яIэмрэ я гулъытэ гуапэмрэ уэ къыптрауауэрт. «Адыгэ хабзэм тет унагъуэ узынщэ, щапхъэ зытрах» зыхужаIэхэм ящыщт Леонид и унагъуэри.

Зыми хуэмыдэу бзэм мыхьэнэшхуэ ирыдигъэтырт Ерчэным. Артистыр кьабзэу мыпсалъэмэ, утыку кьыззririхьэ бзэм химыщIыкIмэ, жиIэр гурыIуэгъуэу кьыжьэдэмыкIмэ, абы кьидджэгур пэсщIын сиIэкъым. Нэхъыбэу цIыхухэм ягу сыкъызэринари аращ, - жеIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. - Артистым ныкъусаныгъэ имыIэу, бзэ дахэ Iурылъу, макъ жьгъыру иIэу, дахэу уэрэд хужьIэу, къэфафу, щыхуей дакьикъэм гъыфу е дыхьэшхыфу щытын хуейщ. Ахэр пхуэзфIэмыкIмэ, театрым щыпщIэн щыIэкъым.

- Акъылышхуэ зыбгъэдэта цIыху Iущщ ЖьакIэмыхъур. И ныбжьымрэ и IэщIагъэмрэ хуэмыфащэу, емыгупсысауэ зы псалъэ жиIэу зэхэпхынукъым. ИтIанэ зэи къысхуэщIэжыркъым спектакль дыджэгуу е репетицэ тщIысэу ар кьыщIэкIрыхуэ. Сыт щытури зы сихьэт е сихьэт ныкъуэкIэ и пэ иткъокIуэри, щыджэгуну спектаклым зыхуегъэхьэзыр, игъэзэщIэну ролым йогупсыс. КIунэ цIыху зэпIэзэрытщ, зэи зыми зэран хуэхъуркъым. Абы и IуэхущIафэр, и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр псоми щапхъэ тхуэхъу. Псом хуэмыдэу щIэблэр адыгэ бзыпхъугъэ щыпкъэм дэпIьеин хуейуэ къызолъытэ, - жеIэ ЖьакIэмыхъум и лэжьэгъу Мэшыкъуэ Феня. - КIунэ уи щэхурэ уи дзыхрэ зэбгъэзэ уиныкъуэ щыхубзщ. ЧэнджэщэгъуфIщ. Мызэ-мытIэу и унагъуэ сыщыхьэщIащ, IэфI дыдэу мэпщафIэ, унэгуащэ гумызагъэщ, цIыху жумартщ, гуапэщ. КъищынэмыщIауэ, анэ губзыгъэщ, анэшхуэ гумащIэщ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ адыгэ хабзэм и фащэу, адыгэ театрым и напэу, и набдзэу и лэжьэгъуэхэм кьалъытэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Артисткэ зэчиифIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ

ЖьакIэмыхъУ КIунэ 1940 гъэм мэлыжьхым и 21-м Шытхьэлэ къуажэм къыщыдахуащ. Куэрт еджапIэ нэужьым Дон Iус Ростов кьалэм дэт ГъуэзджэхэмкIэ училищэм щIэтIысхьащ. Ар къыкъуэ Налшык къыгъэзэжа нэужь, Щ1ордэнщIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ.

Илъэс щэ ныкъуэм щIигъуаэр артисткэ пажэм лъэпкъ театр гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хуищIу, утыкур игъэбжьыфIэу мэлажьэ. А зэманым къурибыдэу КIунэ щыджэгуащ Лермонтов Михаил и «Дуэлым и лIыхъужь», Кайтов Сергей и «Анэр нэм хуэдэщ», Iутпьк Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип», «Гуащэмыщэ хьэблэ», Акъсыра Залымхъан и «Пашьн», Ануэй Жан и «Медея», Салынский Афанасий и «Бэрэбэнауэ», Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гущэмрэ», нэгъуэщI спектакль куэдым образ зэмылIэужьыгъэхэр икIи гукъинэжьхэр щигъэзащIэу.

Республикэм, Урысейм я театр гъуэзджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр кьалъытэри, ЖьакIэмыхъу КIунэ КъБР-мрэ УФ-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ цIэ лъапIэхэр (1974 гъ., 1984 гъ.) къыфIащащ. КъБР-м и Къэрал сэгъэтыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и сауГъэтыр кьыхуагъэфэщащ, мы гъэм КъБР-м и цIыхубэ артисткэ хъуащ.

КIунэ роль хьэлэмэт Iэджэ игъэззэщIащ. Iутпьк Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм кьытращIыкIа спектаклым кьыщигъэщIа ролым фIэкIа нэгъуэщI лэжьыгъэ имыщIамии, ар адыгэ тхыдэмрэ щIэнхабзэмрэ кьыхэнэн хуейуэ кьалъытэ. ЖьакIэмыхъу уэсэ, тхыгъэ пычыгъэ куэд кьеджащ. Радиом и фондым абы лэжьыгъэу кьыхинам щIэн гъуни яIэкъым. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым нобэр кьыздэсым емыIтIысэхьу, емыгъэщIу КIунэ зэрылажьэр, и кьарумра и зэфIэкIымрэ мыкIэущIу театр гъуэзджэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыну зэпымыуэу гупыж зэрищIыр.

- Спектакль куэдым сыхэтащ, ауэ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэм» щIэзгъэзэщIа Тыргъэтауэм и ролым зырикIщ. Лъэщ дыдэу актёрыр мыджэгуми, бзэ кьулей Iурылъмэ, апхуэдэм нэхъыбэ хуэзфIэкIынущ. А Iэхъугъуитпьм сыт щыгъуи гу лъыдигъатэрт режиссёрым.

Хьыдзэдж Борис, *КъБР-м щIыхь зиIэ я артист:* - КъыхэгъащIэн хуейуэ къыщIэкIынщ ягъэ дыдэу профессиональнэ режиссёру, Санкт-Петербург дэт ЛГИТМИК-р кьаухауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжар Ерчэн Леонидрэ Мыд Хьэмэсуэ зэрыщытар. Уеблэмэ Ерчэныр ауэ къызэрыгуэкI режиссёртэкъым, атIэ операм тегъэщIа режиссёрт. Апхуэдэр зырызыхэт.

Режиссёр-гъэувакIуэ бэлырыхьт. Артистым и ерпIыкIэ гуэр кьиригъэщIын хуей образым хилъхьэну гупыж ищIамэ, Леонид абы Iуэхур диныгъунут, «НэгъуэщI сыт хэплъхьэфыну, дегъэпльат», - жиIэурэ тригъэгушхуэрт. Театр куэд зэхъуапсэу щыта режиссёрщ ар!

Нэхъ жьыжьэ дыIэбжьыщIи, Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям, атIэ щIалэщIэу, и ныбжьыр илъэс 17 фIэкIа мыхъуауэ, Ерчэныр езыр IыIэуэри зауэм дэкIауэ щытащ. Абы кьикIыжщ, Iэнатlэм пэрыувэжри, екъуIэнэныгъэ иIэу спектаклыфI куэд Зэрыхуищ, Урыс, Мэшыкъ театрхэм яхуигъэувэу, дэнэкIи и цIэр щыжиригъэIэу лэжьащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин

ЦIыху гъащIэр хьэлэмэтщ, ауэ сурэтыщIым ейр нэхъ гъэщIэгъуэныж къыпщохъу сыт щIэгъуи. Апхуэдэущ дыззреплъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин.

КIыщIым къиухащ Краснодар дэт Къэрал университетым и художественно-графикэ факультетыр. 1960 гъэхэм абы Урысейм и кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм (Железноводск, Анапэ, Псыхуабэ, Дон Iус Ростов, н.) щигъэуващ абыхэм я цIыху цIэрыIуэхэм я фэеплъхэр. 1973 гъэм ар хагъэхьащ СССР-м и Сурэтыщ1эм я зэгухьныгъэм. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ Мухьэдин и гъэлъэгъуэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ зэкьэзрегъэпэщ.

1994 гъэм къыщыщIэдзауэ 1998 гъэ пщIондэ КIыщыр Лондон дэт Чизнэйкъ къыщапIэхэм щыпхьажащ. Испанием 1998 гъэм Iэпхъуащ, и сурэт плъыфэбэхэмкIэ утыкуншхуэхэм йохьэ, щIыхуэхэм я гукъыдэжкIэ кьеIэт, гупсысэщIэхэм я гур кьыхуегъэуш.

СурэтыщIым и лэжьыгъэр бжьыгъэкIэ кьыубжмэ, абы гъэлъэгъуэныгъэ 31-рэ кьызэщIеубыдэ, Налшык, Москва, Лондон кьалэхэм, Испаниием и щIыпIэ хэхаэм кьыщызэригъэпэщауэ. 1980 гъэхэм кьыщыщIэдзауэ КIыщым нэхъыбэу псапащIэ гъэлъэгъуэныгъэхэр ещI. Псалъэм кьыдэкIуэ, 1997 гъэм абы Лондон кьыщызэIуихауэ щыта и гъэлъэгъуэныгъэм кьыхэкIа мылъкур Урысейм и сабий зеинщэхэм яритащ. Апхуэдэ дыдэу Налшык и Сабий унэм щIэсхэм папщIэ сурэтыщIым 2006 гъэм псапащIэ Iуэху кьызэригъэпэщащ.

КIыщ Мухьэдин кьыхуагъэфэщащ ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми я сауГъэт лъапIэхэр. Абыхэм яхэтщ Комсомольскэ и сауГъэтыр (1982 гъэ), Мальтэм и орденхэр (2001 гъэ, Испание), Художественнэ Европей Академием хэтхэм я зэхъэзэхуищIым я дыщэ медалхэр (2003 - 2004 гъгъ.). 2001 гъэм сурэтыщIыр хагъэхьащ Художественнэ Урысей Федерацэми Бельгиеми я академиехэм.

Мухьэдин и сурэтхэр зэкьоцIыхуигъафIэщ, зэрыжьитIащ, плъыфэ кьулей дыдэхэр кьызэригъэзэбэлъымкIэ. Ахэр музейхэми унагъуэ щхьэхуэхэми ящэхуауэ яхьумэ. Псалъэм папщIэ, Иджырей гъуэзджэхэмкIэ Москва дэт музейм Мухьэдин и сурэтищ, «Судьбы», «Сурэтыщ1ым и макъ» лэжьыгъэхэм ящыщу, 2008 гъэм зыIэригъэхьауэ щытащ.

Гъуэзджэм и лэжьакIуэ куэд тетхьыащ ди хэкуэгъу сурэтыщIым икIи, къызэрыхагъэщымкIэ, абы и лэжьыгъэхэм уэсбзэ пхрышащ, кьигъэльагъуэмрэ плъыфэхэмрэ зэдэкIу, «зэпсалъэм» хуэдэу.

Искусствоведэ Рождественская Людмилэ итхат мыпхуэдэу: «КIыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм зы сурэт закъуи кьахэбгъуэтэнукъым зыгуэрым ейм егъэщхьу, уеблэмэ езыми ейхэм щыщ гуэрым егъэпщэжу. Зытетхьыхам етIуанэу абы зыхуигъэзэжьыркъым, абы и сурэтхэр сыт щыгъуи зыщIэжьащ. Зэман куэд дэкIауэ Iэхуэгъуэ гуэрым кьыгурагъэзэжу кьэхъуми, КIыщым абы нэгъуэщI щIыкIэ, теплъэ, жьыпхъэ кьыхуигъэтэнущ. Гъуэзджэм кьызэрыхьыхьэр аращ мы сурэтыщIыр - модэм емылъытауэ езым и еплъыкIэрэ гупсысэрэ кьыткуеIуатэ».

Мухьэдин и лэжьыгъэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Кьэнжал зауэм теухуауэ ищIа сурэтыр. Къэбэрдейр тэтэрхэм зэрятекIуэрэ илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу, КIыщым апхуэдэ тыгъэ республикэм кьыхуищIат.

И ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу къыхэкIащ Мухьэдин и «Гимн красоте» тхылъыр. Абы кьыщызэщIэубыдат сурэтыщIым лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъэхэм гъуэзджэм зэрызыщиужьар, и творчествэм езым хуиIэж еплъыкIэр, и сурэтхэр.

2014 гъэм Марбелле кьалэм (Испание) КIыщым гъэлъэгъуэныгъэ кьыщызэIуихащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм, Андалусием триуухуа лэжьыгъэ 50 хэту.

«Гимн красоте» выставкэр абы щигъэлъэгъуащ Мадрид дэт «ЕI Еспасио де лас Артес» галереем. Сурэт 25-м, абстракциэ IэмалкIэ кьэлуэтэу, сурэтыщIым нэхъыфIу илъагъу Iуэхуэгъэхэр кьыщигъэлъэгъуащ - ар Испанием, езыр зыщыщ лъэпкъым я хабзэхэм зэрыхущытыр, щIыуэпсым зэрыхуэзэшырт, кьэкIыгъэхэр, жьыгэр кьызыщигъэлъэгъуахэрт.

Апхуэдэу Европэм зи цIэр щызыгъэIуа, абы и гъусэу лъэпкъми и пщIэр зыIэт КIыщ Мухьэдин и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытщ, абы дрогушхуэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Театр куэд зэхъуапсэу щыта режиссёр Ерчэн Леонид

Ерчэн Леонид Хьэжмырзэ и къуэр 1925 гъэм къалъхуащ. Ленинград (иджы Санкт-Петербург) консерваторэм режиссурэмкIэ и къудамэм 1947 гъэм щIэтIысхьэн и пэ, ар зауэм пхыкIын хуей хъущ. Абы и лIыхъужьыгъэм Хэку зауэ орденым и II нагъыщэмрэ «Щ1ыхым и дамыгъэ» орденымрэ къыпхIуащ.

тистку, КъБР-м и цIыхубэ артистку: - Куэдрэ фIыкIэ дигу къэкIыжырэ дытопсэлъыхь Ерчэн Леонид гъунэгъуу бгъэдэтахэр. Абы и спектаклхэр цIыхухэм я гум дыхьэрт, и зы лэжьыгъэ ялъэгъуамэ, ящымыгъупщэу куэдрэ ягу къагъэкIыжырт. Леонид спектакль щигъэувкIэ артистым и гупсысэри къыпхIутэрт. Абы къикIырт дэтхэнэми дзыхь зэрыхущIыр.

Зэпымыуэ гу лъыстэрт: режиссёрыр зытетхьих тхылъымпIэ напэхэр зэрыщыту скрипичнэ ключкIэ гъэнщIат, спектаклым макъамэ къыщIыун хуей щIыпIэхэр абыкIэ къыхэгъэщауэ. Ленинград консерваторэр Ерчэным къыззэриухар зэрымыгъэгъуащэр абы кьыбжиIэрт (ар уэрэдым тегъэщIа режиссёрт). И Iэщагъэр хуабжьу фIыуэ ильагъурт, ялэ иригъэщын щымыIэу хуэпэжьт.

Сигу кьинэжащ абы утыку кърызигъэхьа Снижко Нилэ (Салынскэм итха «Ажалым къыдэфа хъыджэбз» спектаклым), Ларисэ (осетин драматург Гоглоевым «Зи лIыгъэм уэрэд хуэфащэ» и Iэдакъэщ1экIым), Нази (Байджиевым и «ЩIакIуэ кIапэ» лэжьыгъэм) сымэ я ролхэр, нэгъуэщIхэри.

Щ1эрмэт Людмилэ, *КъБР-м и цIыхубэ артистка:* - Ерчэным Къэбэрдей театрым къигъэзэжа нэужь, спектакль тельыджэхэр къыздыдгъэуващ. АпхуэдэкIэ псо ролы хьарзынэхэр режиссёрым къыщыхсychигъэфэща «ЩIхьэгъусэ гъэсэкIэ», «Сэлэтхэр», «Свободная тема» лэжьыгъэхэри, нэгъуэщIхэри.

Ерчэныр езыр цIыху щыпкъэт, игъащIэкIи уи жагъуэ кьимыщIыну Iэдэбт. А псом абы и режиссёр Iэзагъыр хэплъхьажмэ, узэхъуэпсэн цIыху хуэдэт. Я унагъуэ уихьами, абы хьэщIэм щыхуащI пщIэм гъуни нэзи иIэтэкъым, нэхъыфI дыдэу яIэмрэ я гулъытэ гуапэмрэ уэ къыптрауауэрт. «Адыгэ хабзэм тет унагъуэ узынщэ, щапхъэ зытрах» зыхужаIэхэм ящыщт Леонид и унагъуэри.

Зыми хуэмыдэу бзэм мыхьэнэшхуэ ирыдигъэтырт Ерчэным. Артистыр кьабзэу мыпсалъэмэ, утыку кьыззririхьэ бзэм химыщIыкIмэ, жиIэр гурыIуэгъуэу кьыжьэдэмыкIмэ, абы кьидджэгур зырикIщ. Лъэщ дыдэу актёрыр мыджэгуми, бзэ кьулей Iурылъмэ, апхуэдэм нэхъыбэ хуэзфIэкIынущ. А Iэхъугъуитпьм сыт щыгъуи гу лъыдигъатэрт режиссёрым.

Хьыдзэдж Борис, *КъБР-м щIыхь зиIэ я артист:* - КъыхэгъащIэн хуейуэ къыщIэкIынщ ягъэ дыдэу профессиональнэ режиссёру, Санкт-Петербург дэт ЛГИТМИК-р кьаухауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжар Ерчэн Леонидрэ Мыд Хьэмэсуэ зэрыщытар. Уеблэмэ Ерчэныр ауэ къызэрыгуэкI режиссёртэкъым, атIэ операм тегъэщIа режиссёрт. Апхуэдэр зырызыхэт.

Режиссёр-гъэувакIуэ бэлырыхьт. Артистым и ерпIыкIэ гуэр кьиригъэщIын хуей образым хилъхьэну гупыж ищIамэ, Леонид абы Iуэхур диныгъунут, «НэгъуэщI сыт хэплъхьэфыну, дегъэпльат», - жиIэурэ тригъэгушхуэрт. Театр куэд зэхъуапсэу щыта режиссёрщ ар!

Нэхъ жьыжьэ дыIэбжьыщIи, Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям, атIэ щIалэщIэу, и ныбжьыр илъэс 17 фIэкIа мыхъуауэ, Ерчэныр езыр IыIэуэри зауэм дэкIауэ щытащ. Абы кьикIыжщ, Iэнатlэм пэрыувэжри, екъуIэнэныгъэ иIэу спектаклыфI куэд Зэрыхуищ, Урыс, Мэшыкъ театрхэм яхуигъэувэу, дэнэкIи и цIэр щыжиригъэIэу лэжьащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЩIэныгъэлI, дипломат цIэрыIуэ Емуз Анатолэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, дипломат, ООН-м информатизацэмкIэ и дунейпсо академием и академик, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м ис ЩIэныгъэлIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Емуз Анатолэ ящыщщ адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыхухэм.

ЕМУЗ Анатолэ КъБКъУ- м щIэныгъэ зэхъыщхьитI (инджылызыбзэ, урысыбзэ къудамэхэр) щызригъэгъуэтащ. 1963 - 1969 гъэхэм Совет армэм и офицеращ, Москва дэз зэдзэкIакIуэхэм я курс нэхъыщхьэхэр къыщиухащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ школэхэмрэ папщIэ зэхилъхьащ инджылыз - адыгэ - урыс фразеологие псалъалъэр. Монографие зыбжанэ, «Хамэ къэралыбзэхэмра ар зэребгъэджьнымрэ ятеухуа къыхутэныгъэхэр» академие тхылъыр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. 1976 - 1980 гъэхэм Индием и Совет щIэнхабзэ центрым и унафэщIу лэжьащ. Хэкум къыщIэзэжа нэужь, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм куууэ хэтащ, и доктор диссертацэр пхигъэкIащ. ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и унафэщI кьулыкъым пхрыташ.

1992 - 1997 гъэхэм КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэмрэ хамэ къэралI IуэхуэхмкIэ и министру, итIанэ хамэ къэралI Iэхуэхмкlэ министру лэжьащ. Урысейм и МИД-м и Дипломат академием дипломат лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и курсхэр екъуIэныгъэхэкIэ кьиуха нэужь, УФ-м и щIыналъэхэм Урысей МИД-м щIыналъэ зэхуаку, экономикэ зэхущытыкIэхэмкIэ я Консультативнэ советым хэтащ. 1995 гъэм Урысейм и Посольствэу Белоруссием щыIэм чэнджэщэгъуэ щыIэжьащ.

2002 гъэм къыщыщIэдзауэ ар и унафэщIу щытащ КъБКъУ-м хамэ къралыбзэхэмкIэ, иужькIэ инджылызыбзэмкIэ и кафедрэхэм. 2010 гъэм мэлыжьыхь лъандэрэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщIщ.

- Интернетым дунейм дапхуэдизу зыщимыбуГъуэми, ди Iуэхущ1апIэм и мыхьэнэр, и пщIэр щеxуэхьэн щхьэусыгъэхэр щыIэкъым. Сэ сызэреплъымкIэ, щIэныгъэ куу зэбгъэгъутын, еджагъэшхуэ, тхакIуэ къыпхэкIын папщIэ, библиотекэм щIэлъ тхылъхэр гупсэкуу щIэбжьыкIын хуейщ. Дунейм гурыIуэгъуэщI, Интернет къудейкIэ зэкIэлъыхуэзэщIынукъым. Къапщтэмэ, щIалэгъуалэр, студентхэр библиотекэм къетшэлIэнщ, щIэнджыкIакIуэхэм я бжьгъэм хэдгъэхъуэныр ди кьалэм нэхъыщхьэхэм ящыщ щыщ. А Iуэхум зэпымыуэ долажь. Бжьгъэлъагъуэмэ, ди щIэджыкIакIуэхэм я процент 50-р студентщ, - жеIэ Емуз.

ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным, жылагъуэ Iуэхур егъэфIакIуэным Емузым хэлъхьэныгъэхэр хуещI. Абы и фIыгъэкIэ библиотекэм кьыщызэрагъэпэщащ «Джентльмен», «Галатея», «Праводед», «Театр книги», «Гум и макъ», «ЗэфIэкI зиIэ цIыху» клубхэр, нэгъуэщIхэри.

2010 гъэм кьыдэкIа «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» щIэнгъуазэм Емуз Анатолэ и цIэр иратхащ щыIналъэм и зыужьныгъэмрэ щIэныгъэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIым папщIэ. Апхуэдэу, Емузым и лэжьыгъэфIхэм ятеухуа тхыгъэ зыбжанэ библиотекэм щIэлъщ.

БЖЬЫХЬЭЛI Роза.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас

Псыпэ лъэужьыфIэу къыщIэкIат Бещтокъуэ Хьэбас лъэпкъ литературэм лъапэ махуэкIэ къыхэзыхьа «Ракетодром-хэр» (1969) япэ уэ тхылъыр, зэрыжаIэу, «щэм я щIагъ хъуар». Абы къырикIуащ кIуэ пэтми нэхъ куу хъу усыгъэ псышхуэр: зыр адрейм кIэлъыкIуэу дунейм къытехьащ и тхылъхэр.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблэгъауэ лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуолажьэ. Усыгъэм нэмыщI, ар и зэфIэкI щепльыжащ литературэм и жанр куэдым: лиро-эпикэм, прозэм, драматургием, апхуэдизу абы и гущIэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщIауэ, цIыкIуэм папщIэ абы зэридзэкIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм (инджылызхэм, шотландзхэм, португалзхэм, хорватхэм) я таурыхъхэр («Джек насыплъыхъуэ зэрыкIуар», «Дреглин Хогни иныжьыр», «Жьындур ишхащ», «ШейтIаныжьрэ зауэлIыжьрэ», нэгъуэщIхэри), Шекспир и «Король Лир» тхыгъэ цIэрыIуэр.

Бещтокъуэр зэчий ин зыбгъэдэлъ, дуней еплъыкIэ щхьэхуэ зиIэж усакIуэщ. Хьэбас и усыгъэр къуэпсыбэщ, плъыфэбэщ. Абы кьыхэбгъэнущ зэкIэм, цIыхуэгъэм, дахагъэм, лъагъуныгъэ кьабзэм, щIыуэпсым ятеухуа усэхэр. Абыхэм Iэкlуэлъакlуэу щызэхэхуэнащ философие гупсысэ кууэр, гушыIэ дахэр, гъащIэм и Iэфыр, и пэжыр кьэзыгъэнахуэ мотивхэр. Ауэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэм хуэмыуэсэм, усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэр лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ, абыхэм сыт щыгъуи адыгэм и дунейр зыгъэнаужьу образхэр (бгы, шы, мывэ, фащэ, цей, хьэзыр...) гъуджэм хуэдэу кьатощ.

Бещтокъуэ Хьэбас ноби адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ жьыджэру холажьхьых. УсакIуэм гъащIэм и щэхухэр псэкIэ кьиухутэу, а кьихутар усэбзэ дахэкIэ кьиIуэтэфу, нэхъыщхьэращи, и псэ-псынэ зрыащIэнщэм кьрих къабзагъэкIэ и лъэпкъагъуэр игъэгушхуэрэ зыхалъхуа зэманыр Iуэхуфlэхмкlэ игъэнщIыфу къоГъуэгурыкIуэ. Ялэ ита адыгэ усакIуэ, тхакIуэхэрэ дунейпсо усыгъэмрэ я ехъулIэныгъэхэр кьыззадиубыдыдыкIэрэ, и гукъыдэжьмрэ и гущIэ мыкIуэщIымрэ хилъхьэкIэрэ, Бещтокъуэм хьэкIуэри фIэщ еIуа литературэм и фIыпIэу жьыхуэтIэ поэзием гъащIэ кIыхь кьызэрыпщыIыр, ди бзэр зэрефIакIуэр, абы ириусэни а уэсэр зыгъэльэпIэни нобэкIэ зэрыщыIэр.

ХЬэВЖЬКЪУЭ Людмилэ,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Хьэбас и усэхэр

* * *

Уи вагъуэр си вагъуэм дыхьэхьэу зы пшэху,
Щ1ыхъунукъым фагъэ, къахуэнэу зы щэху.
Арами, сигу накIуэм джэш дзыныр и Iуэху? -
КъеIэзэт, гъэIэсэт, си тIасэ!
Iэзэгъуэм гу хуабэ хэзылъхьэр - Iаззфlщ.
Согугъэ, си гъащIэр щIэмычэу пхуозэш,
Пхуэзэш мы си нитIыр уи нитIым хуэзэху,
КъеIэзэт, гъэIэсэт, си тIасэ!

* * *

Уи макъкIэ къэпсалъэ жыг тхьэмпэхэр
мэщIыпщI,
Уи гуэгъу къысхуэзыщIыр къысфIощI
мыфэрыщI
Сыппоплъэ, си гугъэм зы мащIи хэмыщI,
КъеIэзэт, гъэIэсэт, си тIасэ!

* * *

Акъылым тетщ гупсысэр лъапэпцIийуэ,
Iэмал игъуэтмэ, зыщIыпIэкIэ лъэтэну.
Зи гъащIэр щабэхэр, псынщIэхэр къабзийуэ
Игъэгужьейхэу кьызэщIиIэтэну.

* * *

Къигъэзэжынщ гупсысэм езэщауи,
И абгъуэ лъагэм зригъэзэгъэжынщ...
ЗдыIурихыжьым - зыгуэр къигъэушауэ,
Зыгуэр къигъэплъэжауэ къыфIэщIынщ.

* * *

**С

Дербент къыщыщIэдзауэ Кремлым нэсыху

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Дербент ди къэралым нэхъ ныбжьышхуэ щызIэ къалэхэм ящыщщ, Кавказым курыт лIэщIыгъуэхэм ита быдапIэхэм я нэхъ лъэрызехьэ дыдэу щытащ, 2003 гъэм къыщыщIэдзауэ дуней псом мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ щызиIэ фэеплъхэм ящыщ зыуэ ЮНЕСКО-м къиупытащ.

Махуэшхуэр зэрагъэлъэпIар

Къалэр илъэс минитI зэрырикъур гъэлъэпIэным ирырагъэхьэлIа гуфIэгъуэ IуэхугъуэкIэр пщIы бжыгъэхэм щхьэдэхьжат. Дербент и махуэшхуэм зыкъ-рагъэхьэлIащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Меликов Сергей**, къэралым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хлопонин Александр**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IэхухэмкIэ и министр **Кузнецов Лев**, Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ **Абдулатипов Рэмзэан**, УФ-м хиубыдэ хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм, нэгъуэщI къэралхэм къикIа хьэщIэхэмрэ республикэм щыпсэу цIыхухэмрэ.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу къалэм утыкуIа къыщыуназауащ, и уэрамхэмрэ зыгъэпсэхуныIэ паркхэмрэ зэлъытIуахащ, унэхэм я IуплъэпIэхэр ягъэдэхащ, унащхьэхэр зэрахъуэкIащ, школыщIэщауащ, Дербент зэрыгушхуэ «Нарын-къалэ» быдапIэмрэ тхыдэм и фэеплъу къалъытIэ «Пётр и унэ цIыкIумрэ» къагъэщIэрэщIэжащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир я гуфIэгъэушхуэм теухуауэ къаладэсхэм зэрызахуигъазэ и псалъэм къеджащ абы и чэнджэщэгъу **Толстой Владимир**. Къэралым и Унафэщым Дербент дэсхэм ехъуэхуащ я къалэр гукъыдэж ин яIэу дяпэкIи ягъэщIэрэщIэну, блэкIамрэ якъуэнумрэ я зэпыщIапIэ екIуу тхыдэм зыкъыщыгъэльэгъуэн папщIэ зэпымыууэ зэрырагъэфIэкIуэным ящхьэ итыну.

Дербент илъэс минитI зэрырикъур Iэтауэ гъэлъэпIэным Дагъыстэным щеныгъэмкIэ къалэ департаментым и пашэ ХьэщIэмыз Светланэ, къалэм и ветеранхэр, нэгъуэщIхэри.

- Ди школыр къэзыухахэм ящыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэр белджьилы къэщIыжыным ехьэлIа лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ ди егъэджакIуэхэми ныбжьыщIэхэми. Абыхэм ятеухуа планэпэ щхьэхуи къыщыздгъэпэщащ еджапIэм, - жиIащ Iэхуэщ-лапIэм и унафэщI Коротких Ольгэ. - Дызэрыгушхуэхэм, дызэрыпагэхэм ящыщыщ нобэрей зэхуэсыр зытеухуа Кузнецов Георгий. Ди школым илъэси 10-кIэ щеджащ ар. Хэку зауэшхуэр 1941 гъэм къэхъея нэужь, Георгий ящыщащ фронтым ягъэ Iухьа ди лъахэгъуэм. Абы щызэрихьа хахуагъэм папщIэ Кузнецовым къыфIащауэ щытащ Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэ лъапIэр. ЛIыхъужьыр мызэ-мытIэу школым къедгъэблагъауи щытащ.

ЕджапIэм и къэлъыхъуакIуэ гупым нэхъапэIуэкIэ зыпащIащ Кузнецовым и къуэм. Ар иджыпсту Москва щопсэу. Къуэр хуабжьу щыгуфIыкIащ и адэм и цIэр зытет фэеплъ пхъэбгъу ар щеджа школым къыщыхуэзэIуахыну мурад зэращIам. Апхуэдэ жэрдэмыр даIыгъащ къалэ администрацэм и унафэщIхэми КЪБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэми.

ЛIыхъужьхэм я фэеплъэр мыкIуэдыжщ

КъытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIа лэжьыгъэ куэд щокIуэкI республикэм и аджапIэхэм. Льэпкъым, къэралым и лIыхъужьхэм, цIыху щэджащэхэм я гъащIэр ныбжьыщIэхэм щапхъэ хуащIу, абыхэм я щIэхэр Iуэхущ-лапIэхэм фIащ, абыхэм я фэеплъхэр яхуэмэу. Апхуэдэу Налшык дэт курыт школ №9-м фокIадэм и 12-м къыщызэIуахащ абы и гъэсэну щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Кузнецов Георгий Андрей и къуэм (1923 - 2008) и фэеплъ пхъэбгъу. АбыкIэ хьыбар дигъэщIащ къалэ администрацэм и пресс-IэнатIэм и унафэщI Жанатаевэ Мадинэ.

ШКОЛым и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ щыкIухэмрэ нэмыщI зэхуэсым къырихьэлIащ щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэр, щэнхабзэмкIэ управленэм и Iэщ-IагъэлIхэр, егъэджакIуэкI зэхъуэкIынигъэфIхэм я нэщэнэщ.

- Псом япэрауэ, юбилейр си махуэшхуэр къалэм щыпсэуэхэращ, - жиIащ Хлопонин Александр. - Щыпсэу щыпIэм дербентдэсхэр зэрыхуэщыгъым фIы и лъэныкъуэкIэ хэпщIыкIыу зихъуэжащ. Ар дэ зыхэтщIащ нобэ дызыбгъэдыхьа цIыхухэм дащепсэлъыпIэми. Ди дежкIэ нэхъыщхьэр къалэм, абы дэщIыгъуу Дагъыстэным, зэрыщыту къатщтэмэ, Кавказым, фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызахуэзырщ. Ар куэд и уасэщ.

Махуэшхуэм нэгъуэщI мызэхьэнэи иIаща. Абы уримыгъэгупсысынкIэ Iэмал иIэтэкъым мы щIыналъэр тхыдэкIэ зэрыкъулеймии.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

- Дербент къалэр илъэс миниті зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуа унафэм ди къэралым и Президент Путин Владимир Iэ зэрыщIидзэрэ куэд мыщIами, а зэман кIэщIым къриубыдэу мы щIыпIэм зэрызэкIынигъэфIхэр къыщIихъуащ. Ар я фIыщIэщ республикэм и Iэтащхьэмэ мы къалэм дэс цIыхухэмми, - къыхигъэщIащ Кузнецов Лев, дербентдэсхэм хъуэхъу псалъэкIэ защIыхуигъазэм. - Мыпхуэдэ махуэшхуэхэм цIыхухэр зэрешалIэ, щыпсэу къэралым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ гъунэгъу яхуещI, къэкIуэнум фIэщIхьунымрэ дахэкIэ яхегъаплъэ. А псом нэхъыщхьэжыращи, дин зэхуэмыдэ зэрахьэми, я Iуэху епIэныкIэхэр зэтемыхуэми, абыхэм къагуроIуэ зыр адрейм дэIэпыкъужу, зэгурыIуэ-зэдзIуэжу псэун зэрыхуейри.

Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзан щхьэщхэм фIыщIэ яхуищIащ Дербент къалэр илъэс минитI ныбжьыщIэ къыдагъэльэпIэну махуэшхуэм зэрызыкъырагъэхьэлIам папщIэ.

- Ди гуфIэгъуэр «мафIэ цIыкIуу къежьэу мафIэшхуэ зэрыхъуар», къэралпсо утыку зэрикъар я фIыщIэщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Правительствэмрэ. Мы Iуэхур зэхьэлIауэ щытащ федеральнэ министерствохэми яхуэзэфIэкI къагъэнакъым, - жиIащ Абдулатиповым.

Зэхьыхьэшхуэм и кIэухуу къызэхуэсахэм ирагъэльэгъуащ тхыдэ-макъамэ щыIкIэм иту къызэгъэпэща хъуа концертымрэ «Дагъыстэным и цIыху Iэпщ1элъапщIэхэр: Дербент быдапIэм къыщыщIэдзауэ Кремлым и сэрейм нэсыху» зыфIаща тепльэгъуэмрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ди къуэшхэм зыкъытщIагъакъуэ

«Астрахань» (Астрахань) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:3 (1:2). Астрахань. Муниципальнэ стадион. ФокIадэм и 18-м. ЦIыху 700 еплъащ.

Судьяхэр: Шутов (Новочеркасск), Егоров, Майбородин (тIури Дон Iус Ростов щыщщ).

«Астрахань»: Годенов, Потапов, Григорян, Гараев, Васильев, Урузу, Шадиев, Сечин (Щучкин, 65), Зенин, Панфилов, Ястребов (Голубев, 46).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Тебэрды (Крамаренко, 70), Мурачёв, Дашаев, Кузнецов, Дроздов (ПIуп, 77), Гъурф, Дзыхьмыщ (Акриев, 81), Каркаев, Багъэтыр (Бажэ, 55), Гугуев (Семёнов, 87).

Топхэр дагъэкIащ: Багъэтырым, 9 (0:1). Зениным, 14 (1:1). Дзыхьмыщым, 22 (1:2). Бажэм, 84 (1:3).

Дагъуэ къыхуащIащ Шадиевымрэ Гъурфымрэ.

ДЖЭГУМ и щIэдзэкIэр хуабжьу удэзыхьэт. ЗэIущIэм щыщу дакъикъэ тIощIрэ тIурэ щыдэкIам командэхэм топищ дагъэкIат.

Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм хьэхъу дызыхуэкIуэ махуэкум къапэщIыту джэгугъуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр хущIэкъуащ псынщIэ-псынщIэу текIуэныгъэр къахуэзыхь бжьыгъэр къызэрагъэпэщыну. А Iуэхугъуэр абыхэм хъарзынэу я къаIихъулIащ. Дакъикъибгъу дагъкIаУ арат Багъэтыр Альберт зэуа топыр хэгъэрейжэм я гъуэм щыдэкIам. Пэжщ, мыгувэу «Астрахань»-м бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжыну хуэзэфIэкIащ. АрщхьэкIэ бысымхэм я гуфIэгъуэр кIэщIт - Дзыхьмыщ Марат налшыкдэсхэр аргуэру япэ иригъэщIыжащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр апхуэдэу уэзIэпызышэ хъуакъым. «Спартак-Налшыкыр» хущIэкъуащ гугъу зримыгъэхьыщу текIуэныгъэр кхьыуэзыхь бжьыгъэр ихъумэну. «Астрахань»-м иебгъэрыкIуэныгъэ закъуэтIакъуэр ди щIалэхэм Iэзэу кIаща.

ИужькIэ джэгум къыхагъэхьа Бажэ Амир, Ахриев Хьэсэн, Крамаренкэ Сергей, ПIуп Ислъам сымэ Iуэхум жьыгъэрагъ халъхьащ. Ахэращ зи фIыгъэр бжьыгъэр 3:1 зэрызхъуар. Крамаренкэ кхьыхта топыр «Спартак-Налшыкым» и капитаным Гъуэм дигъэкIащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди щIалэхэм зи чэзу текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Налшыкдэсхэм турнир таблицэм щаIыгъ бжьыпIэр нэхъри ягъэбыдащ. АбыкIэ сэбэп хъуащ «IэфIыпсым» очкоитI фIэзыгъэкIуэда Мейкъуапэ и «Дружба»-р. Ди къуэшхэм я командэм хэту жьыджру зыкъагъэльэгъуащ «Спартак-Налшыкым» и гъэсэнхэу гъуащхьэтет Хьаний Тимуррэ гъуащхьауэ Къэжэр Назиррэ.

Осетинхэмрэ ингушхэмрэ я зэхущытыкIэр къалъытэрти, куэд иригъаIавэрт «Алания»-мрэ «Ангушт»-мрэ Владикавказ щрагъэкIуэкIыну зэIущIэм. Пэж дыдэуи лъэныкъуэхэр щыгъэзэщIэуваи къэхъуащ. АрщхьэкIэ псори хъарзынэу зэфIэкIыжащ икIи командэхэр мамыру, зэрытемыгъэкIуэуа, зэбгрыкIыжащ. Ингушэм, сыт щыгъуи хуэдэу, къахэжаныкIырт адыгэ щIалэхэу Къуэн зэкъуэшхэмрэ КIыщ Залымрэ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щеIэзэнщ джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **0:1**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **5:0**, **«IэфIыпс»** (Iэфыпс) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:0**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **0:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **1:0**, **«Алания»** (Владикавказ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **0:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щеIэзэнщ джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **0:1**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **5:0**, **«IэфIыпс»** (Iэфыпс) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:0**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **0:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **1:0**, **«Алания»** (Владикавказ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **0:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Iыхьэм хэтынущ. Пщэдей, фокIадэм и 24-м, абы Налшык къыщрихьэлIэгъэнущ премьер-лигэм хэт Пермь и «Амкар»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	10	8	2	0	18-3	26
2. «IэфIыпс»	10	7	1	2	17-10	22
3. «Краснодар-2»	10	6	2	2	20-8	20
4. «Тэрч-2»	10	4	3	3	16-10	15
5. «Черноморец»	10	4	3	3	12-12	15
6. «Мэшыкъуэ-КМВ»	10	4	2	4	10-9	14
7. СКА	10	4	1	5	12-13	13
8. «Динамо-Ставрополь»	10	3	3	4	10-10	12
9. «Ангушт»	10	3	2	5	8-10	11
10. МИТОС	10	3	2	5	9-13	11
11. «Астрахань»	10	3	1	6	8-16	10
12. «Биолог-Новокубанск»	9	2	2	5	5-11	8
13. «Алания»	10	1	5	4	4-13	8
14. «Дружба»	9	2	1	6	9-20	7

Кубокыр «Автозапчасть»-м Iэрохьэ

«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Къэхъун» (Къэхъун) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 15-м. ЦIыху 1000 еплъащ.

Судьяхэр: Бозий Заур, ДышэкI Аскэр, Шэкэм Руслан (псори Налшык щыщщ).

«Автозапчасть»: Къумыкъу Артур, Къуэжей Ислъам, Шыбзыхъуэ Анзор, Танокъуэ Рустам, Байдуалев Азэмэт, Гугу Марат (Хъуран Сулътан, 77), Балэ Рустам (Къуэжькоуэ Азэмэт, 86), Шэрий Анзор (Тэрчокъуэ Азэмэт, 83), Тэтэр Исмел (Къаншокъуэ Марат, 82), Къуэжей Азэмэт (Нартыжь Елдар, 71), Хьэбылэ Алим.

«Къэхъун»: Зэркъуш Мэхьмуд, Шакъ Ашэмэз, Чэрты Беслъэн, Къуэшы Амир, Мэкъуауэ Хьэчим, Балэ Альберт, Щхьэгъэш Заур (Къажэр Рустам, 83), КъуэщIысокъуэ Артур (Битокъу Тимур, 66), Борий Ислъам, Къанкъул Iэдэм (Щокъуий Азэмэт, 80), ШащIэ Беслъэн.

Топыр дигъэкIащ: Тэтэрым, 62 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Тэтэрым, Щхьэгъэушым, ШащIэм, Чэртым.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым футболымкIэ и Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэр, зэрыхабзэти, Налшык и «Спартак» стадионым щызэхэтащ. Абы щызэIущIат Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ «Къэхъунымрэ». Командэхэм дащIыну стадионым цIыху куэд къыщыщIэзохуэ-ат икIи абыхэм я нэгу зиужащ.

Илъэс етIуанэ хъуауэ финалым щыджэгу «Къэхъуным» кIэух зэIущIэр аргуэру иригъэхьхуну зэрыхуэмейр нэрылагъуэу, джэгур хуабжьу жьыджэру къыщIидзащ. Ар каруущхуэкIэ ипэкIэ кIуатэрт икIи бжьыгъэр къызэIуихыну Iэмал гуэзэджэхэр къыхуэкъуэкIырт. Абыхэм ящыщ зыш топыр «Автозапчасть»-м и штангэм епщыкIутхуанэ дакъикъэм техуащ. КъыкIэлъыкIуэу ШащIэ Беслъэнрэ Чэрты Беслъэнрэ зымащIэкIэ я насып къикIакъым.

Бахъсэндэсхэм я къару псори зэрызахъумэжыным хухахат. Ахэр япэу «Къэхъуным» и гъэцIэкIэ къагъэсэбэпри, абыхэм топыр зыIэрагъэхьащ. Хьэбылэ Алим ар Iэуэу Тэтэр Исмел хуигъэжащ икIи иужьрейр и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри, бжьыгъэр къызэIуихащ.

Хуэфэщэн жэуап иритыну «Къэхъуныр» занщIэу ежэжьащ. АрщхьэкIэ «Автозапчасть»-м и гъуэр кригъэбыдэкIат. Апхуэдэу щыт пэтми, ШащIэр зэуа топыр зымащIэ дыдэкIэ гъуэм хуэмызэуэ блэщIэфтащ.

Къэнэжа дакъикъэхэм «Къэхъуныр» къаруущхэкIэебгъэрыкIауащ. КъыщыпфlэщI щыIэт топыр гъуэм дэкIыну фIэкIа Iэмал имыIэжу. АрщхьэкIэ бахъсэндэсхэм я гъуащхьэхъумэхэмрэ гъуащхьэтет Къумыкъу Артуррэ щыуагъэнэщэу джэгуащ икIи текIуэныгъэр къаухуэзыхь бжьыгъэр яхъумэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кубокыр зыIэрагъэхьащ. «Къэхъуныр» зэкIэлъхьэужьу илъэс етIуанэми финалым къыщыхагъэщIащ.

Мыгувэу мы командэхэр аргуэру Бахъсэн щызэхуэзэнущ. ФокIадэм и 26-м абыхэм я зэIущIэм щызэхэкIыну къыщIэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм и чемпион хъунур хэтми. ЗэкIэ къэхъундэсхэр «Автозапчасть»-м очкоищкIэ япэ итщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Школ хъыбархэр

ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр

● Май щIыналъэ

Гулъытэ хуащI

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэм я зэгухьэныгъэу Май щIыналъэм щызэхэтхьэм хуэзэфIэкI псори елэжь и нэIэм щIэтхэр жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэгъэтыным, я гукъыдэжыр къэIэтыным теухуауэ.

Ныкъуэдыкъуэхэм езыхэм я зыгъэпсэхупIэ яIэжщ, гуэл щхьэантIэ хъабзэм и Iуфэм Iуту. Красная Полянэ къуажэ щIыкIум пэмыжыжьэу зэман куэд ипэкIэ щаухуауэ щыта а базэр абыхэм я зэгухьэныгъэм кратыжащ, ар зи жьауэм щIэта Iуэхущ-лапIэм абы и зехьэным тригъэкIуадэ мылъкур къыззэремэщIэжкIым къыхэкIыу.

ЩIыпIэр къабзэлъабзэу икIи зэIуэпэщу зэрахъэ. Зэгухьэныгъэм кърата микроавтобусымкIэ я цIыхухэр щIэх-щIэхыуэр базэм яшэри зрагъэзгъэпсэху, я нэгу зрагъэужь, уеблэмэ самодеятельнэ артистхэр кърагъэблагъэри, концертхэр щат.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Транспорт гъэувыпIэхэр

Иджыри щхьэхуэу къызэIуахынущ

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм мызэ-мытIэу цIыхухэм тхьэусыхафэкIэ зыхуагъэзащ Бззэр нэхъыщхьэм и щIыбкIэ транспорт щызыгъэувэм мыцIыху гуэрхэм пщIэ зэрыIахым теухуауэ.

АБЫ илъэс иткIэ, къалэ администрацэм хъыбар фегъащIэ Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым Толстойм и уэрамым щегъэжьауэ Ахъуэхъум и уэрамым нэсыху пщIэкIэ щылажьэ автомашинэ гъуэвыпIэхэр «Магистр» ООО-м зэгурыIуэныгъэкIэ бдржэнду зэрирыгъаныкIэ. Зы гъэувыпIэр тумэниц и уасэщ.

Мы зэманым хуимыту пщIэ щыхахыр ПащIэмрэ Толстоймрэ я уэрам зэхэкIыпIэм ипщкIэ щыIэ щыпIэрщ.

Абы и лъэныкъуитIми, Толстойм и уэрамым Сабий стадионым деж къыщыбгъуфырыль щыпIэми транспорт гъэувыпIэхэр щыпщIэнышэщ.

КъищынэмыщIауэ, Бззэр нэхъыщхьэм и щIыбкIэ пщIэкIэ лэжьэну гъэувыпIэ щхьэхуэхэр щыщыIэхьэнущ. Къалэ администрацэр а Iуэхум хопльэ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЗэщIыгъуу къапщытэ

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцым пэщIэтыныimmкIэ и къудамэмрэ республикэм и прокуратурэмрэ зэдай гъэкIакIуэ гупым лъэпкъ проект пэрытхэр зэрагъэзащIэр къыпщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIэ, субсидиеу сом 625665-рэ гъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьэн мурадкIэ, гъэ кIуам и етIуанэ мазищым шэ щыта хуэдэу мэкъумэш-фермер Iуэхущ1апIэм и унафэщIым тхыльэ нэпцIэкIэ игъэхьэзыри, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щIипхьат.

УФ-м и УК-м и 30 статьям и 3-нэ Iыхьэмрэ 159.2-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ уголовнэ эмэупым ирашэлIэн папщIэ, къэпщытэныгъэм теухуа тхыльхэр КъБР-м щыIэ МВД-м следствэмкIэ и Iэнатl1эм хуагъэхьащ. Илэжьа щIэпхьаджагъэм щхьэкIэ къуаншэм ильэситхум нэс къехь икIи сом мин пщIейм нэблагъэ ирагъэпшын.

Республикэм и прокуратурэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцым пэщIэтыныimkIэ и къудамэмрэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэм дяпэкIи пащэнущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЬкъэIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядлэжьэныкъуэ - 42-60-53; къубарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щ1ондэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щ1ондэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ. *Компьютерк1э газетым и тепIэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанnight.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатl1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1598